



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 5/12/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KAT NOUVO TRANZAKSYON NY GREEN BANK  
POU JENERE JISKA \$220 MILYON NAN PWOJÈ ENÈJI PWÒP**

***Investisman anvan NY Green Bank te ajoute enèji solè nan 840 kay ak  
konstriksyon tibin van nan senk konte; pwojè yo prevwa pou redwi emisyon  
kabòn pa preske twa milyon tòn metrik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse finalizasyon kat nouvo tranzaksyon NY Green Bank, sa ki prevwa pou jenerè jiska \$220 milyon nan pwojè enèji pwòp, enkli plis pase 6,200 enstalasyon solè rezidansyèl sou twati nan eta. Investisman NY Green Bank pral lakoz egalman nan jiska uit gwo enstalasyon solè anbatè pou itilizatè endistriyèl ak komèsyal yo, ak 400 pwojè enèji efikas rezidansyèl.

“New York se yon lidè nasyonal nan konbat chanjman klima ak investi nan teknoloji enèji pwòp nan ekonomi eta kap grandi,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Pwojè sa yo pral non sèlman ede redwi emisyon gaz greenhouse epi pwoteje anviwonman an, men asire ke eta kontinye atenn objektif anbisyè enèji renouvlab pa 50 pousan nan 2030.”

Depi 2014, NY Green Bank te fè pwogrè konsiderab, demaraj devlopman ekonomik ak kreyasyon travay, ak ogmante kapital prive adisyonèl ki te investi nan Eta New York. Ansanm, nouvo tranzaksyon NY Green Bank – ansanm avèk tranzaksyon sa yo ki te anonse anvan– ap avanse strateji refòmè vizyon enèji Gouvènè a nan fasilite ogmantasyon finansman sektè prive nan pwojè enèji pwòp yo.

**Prezidan Enèji ak Finans NYS Richard Kauffman te deklare**, “Travay kolaboratif NY Green Bank avèk patnè yo nan sektè prive a pou konble eka finansman an deja pwouve pou l devlope yon ekonomi enèji pwòp nan eta epi sipòte mache enèji pwòp la kap grandi. Óf NY Green Bank deja kondwi a pi gwo patisipasyon nan mache prive a epi finalman kondwi a opòtinite enèji pwòp ki pa koute chè pou tout Nouyòkè yo.”

Kòm kantite pwojè enèji pwòp yo ogmante e devlopè yo kreye pi gwo pòtffèy ak kontra acha, lokasyon ak prè– ki sèvi kòm kolateral pou garanti aktif dèt la – yon gwoup investisè enstitisyonèl ki pi gwo pral kòmanse investi nan klas aktif, sa ki kondwi a rediksyon depans finans, finalman benefisye kontribyab yo. Anplis, patisipasyon NY Green Bank nan tranzaksyon avèk konpayi nasyonal yo – ki ka chwazi pou fè biznis tout kote – prevwa pou bay yon kantite enpòtan pwojè nan Eta New York.

Nouvo tranzasyon NY Green Bank gen ladan sa ki annaprè yo:

- NY Green Bank ap patisipe nan yon konsòsyòm founisè kapital ke Investec dirije, yon bank spesyalis entènasyonal ak jesyon aktif, kap bay \$340 milyon pou Sunrun, pi gwo konpayi solè rezidansyèl nan Etazini. Sunrun ap elaji mache solè rezidansyèl li nan bay enèji pwòp a bon mache pou mèt kay yo ki ka peye yon ti kras lajan oswa pa peye anyen anvan. Sunrun desine, enstale, finans, asire, kontwòle epi kenbe pano solè yo sou twati yon pwopriyete kay, pandan ke fanmi yo ap resevwa pri previzib pou 20 ane oswa plis. Yo prevwa patispasyon NY Green Bank nan tranzaksyon an pral bay jiska \$140 milyon ki te itilize pou devlope pwojè solè yo nan Eta New York.
- NY Green Bank ap patisipe nan yon tranzaksyon avèk DZ Bank of Germany pou bay finansman jiska \$200 milyon pou Solar Mosaic, yon konpayi finans spesyalite nasyonal ki gen katye jeneral li nan Oakland, Calif., ki ofri opsyon san depozit nan finansman pou mèt kay yo. Guggenheim Securities LLC, investisman bankè ak mache kapital biznis Guggenheim Partners, yon investisman mondyal ak konpayi konsiltatif, ki aji kòm sèl aranjè nan etablisman kredi, ki se yon pwodui finansye menm jan avèk yon liy kredi ke yo pral itilize pou finansman yon pòtfèy oswa prè pou enèji solè. Tranzaksyon sa prevwa pou l bay jiska \$40 milyon nan nouvo pwojè solè twati rezidansyèl nan Eta New York.
- NY Green Bank ak BQ Energy te etabli yon apwòch standa pou pwojè finans konstriksyon ak apre konstriksyon ki pral elaji disponibilite enèji solè pou biznis yo ki te gen aksè limite a finans akòz mank evalyasyon ak/oswa klasman kredi piblik. BQ Energy se yon devlopè pwojè enèji renouvlab ki gen katye jeneral li nan Poughkeepsie ki spesyalize nan devlopman solè sou zòn dechaj ki souvan pa adapte pou lòt devlopman. Premye pwojè ki anba kontra sa pral lokalize nan dechaj ki nan Patterson, N.Y. Pwojè a se premye pòtfèy nan pwojè yo ki totalize jiska \$30 milyon, chak ladan yo ap benefisye de dokiman standa ak apwòch souskripsyon kredi.
- NY Green Bank ap patisipe nan yon tranzaksyon avèk Sealed Inc. – yon konpayi lojisyèl enèji ki baze nan Vil New York – pou bay finansman pou renovasyon enèji ki totalize \$7.5 milyon pou jiska 400 mèt kay nan Eta New York. Sa pral konsiderableman elaji biznis yo nan eta, ajoute travay pandan lap ranfòse ak elaji rezo kontraktè li yo ki baze nan New York. Sealed ofri yon pwodui finansye inovè “Peye-pandan-wap -Ekonomize” ki konble eka nan mache a nan pèmèt kliyan yo peye pou amelyorasyon nan garanti ekonomi pwojè a jenere, fè amelyorasyon enèji nan kay vin pi aksesib pou mèt kay yo.

NY Green Bank se yon divizyon nan New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA).

**Prezidan ak PDG NYSERDA John B. Rhodes te deklare,** “NY Green Bank, yon eleman kle nan strateji REV Gouvènè Cuomo a, ap ede pou elaji ak akselere finansman pou pwojè enèji pwòp nan Eta New York. Tranzaksyon inovè ak repwodiktif sa yo ap kondwi a yon laj aksè a enèji pwòp ki pa chè pou tout Nouyòkè yo.”

**Prezidan NY Green Bank Alfred Griffin te deklare,** “Tranzaksyon yo ki ete anonse jodia pral fè enèji vini pi pwòp ak mwen chè pou biznis ak mèt kay New York yo. Anplis, òf ki te fasilite pa NY Green Bank pèmèt kontraktè yo ki baze nan NY ak enstalè yo pou devlope biznis yo nan bay Nouyòkè yo plis chwa enèji pwòp. Chak tranzaksyon NY Green Bank itilize yon strikti finansman ki ankouraje standa ak evalyasyon pòtfèy yo, sa ki pral kondwi a pi gwo patisipasyon nan mache prive a epi finalman kondwi a opòtinite enèji pwòp ki pa koute chè pou tout Nouyòkè yo.”

Anplis de nouvo tranzaksyon sa yo, kliyan ansanm avèk patnè yo nan òf NY Green Bank ki te anonse anvan te fè anpil pwogrè nan anvanse enèji pwòp toupatou nan Eta New York depi finalizasyon tranzaksyon yo, enkli:

- **Level Solar:** Konpayi sa ki baze nan Long Island te enstale enèji solè nan 840 kay, anboche plis pase 50 moun epi elaji biznis nan zòn New York pi lwen pase Long Island.
- **United Wind:** Konpayi sa ki baze nan Brooklyn nan wout pou li double 20 anplwaye li yo nan pwochen ane a e li prevwa pou l plis pase tribl anplwaye aktyèl li yo nan 2018. Answit, li te ogmante twa wonn finansman ki te depase \$200 milyon nan investisman prive e li te kòmanse konstriksyon yon tibin nan konte Wayne, Livingston, Genesee, Cayuga ak Wyoming.
- **Renew Financial:** Konpayi an te devlope yon rezo plis pase 100 kontraktè nan 139 lokasyon nan New York pou deplwaye sou pwogram prè ReHome New York li a. Lè nou ofri yon aplikasyon sou entènèt ak apwobasyon menm moman nan kay, pwogram nan vize pou ogmante konsiderableman pwojè enèji efikas nan Eta New York.
- **Enèji Improvement Sosyete (EIC):** Yon kantite konte enpòtan ak vil nan eta te eksprime enterè renouvle nan inisyativ Energize NY’s Property Assessed Clean Energy (PACE), sa ki ofri mèt pwopriyete komèsyal yo yon apwòch finansman atreyan pou enèji efikas, enèji renouvlab ak renovasyon konsèvasyon dlo.

Kat tranzaksyon sa yo, ansanm avèk kat nouvo finansman ki te anonse jodia, prevwa pou diminye emisyon tout gas greenhouse nan Eta New York jiska 2.9 tòn metrik, sa ki egal pou retire plis pase 37,000 veyikil nan lari a pou 17 ane.

Depi li te ouvè pou biznis, devlopè yo nan sektè prive ak enstitisyon finansye yo te eksprime yon gwo entè nan travay avèk NY Green Bank pou devlope solisyon kap adrese eka finansye sa. Pòtfèy aktif aktyèl NY Green Bank (sa vle di tranzaksyon yo nan ka kontra nan prensip ant pati ak elan pou fè tranzaksyon an ale delavan nan bi egzekisyon final ak lansam) enkli kominote solè; efikasite enèji rezidansyèl; solè rezidansyèl; solè endistriyèl ak komèsyal; minisipal, inivèsite, lekòl akenèji efikas lopital; ak miko-rezo.

### **Enfòmasyon sou NY Green Bank**

NY Green Bank, yon Divizyon nan New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA), se yon antite espesyal finansman \$1 bilyon ki finanse pa eta a ki

deziyen pou l simonte obstak mache ak twou vid ki genyen nan finansman ki anpeche deplwaman enèji renouvlab ak pwojè efikasite yo. NY Green Bank se yon eleman enpòtan nan Finansman Enèji Pwòp (CEF), yon angajman \$5 milya dola sou 10-ane pa Eta New York pou avanse kwasans mache enèji pwòp ak inovasyon pandan lap redwi koleksyon kontribyab yo ak kondwi devlopman ekonomik. Plis enfòmasyon disponib nan [www.greenbank.ny.gov](http://www.greenbank.ny.gov).

### **Enfòmasyon sou Refòme vizyon enèji a**

Refòme vizyon Enèji (REV) se strateji Gouvènè New York Andrew M. Cuomo pou chita sou chanjman klima ak delvope ekonomi New York la. REV ap bati yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi a bon mache pou tout Nouyòkè yo nan stimile investisman sou teknoloji pwòp tankou solè, van, ak enèji efikas epi jenere 50% nan bezwen elektrisite eta apati enèji renouvlab nan 2030. Deja, REV te kondwi 600% kwasans nan mache solè nan tout eta, pèmèt plis pase 105,000 kay ki gen revni fèb pou koupe bòdwo enèji yo nèt, avèk enèji efikas, epi kreye plizyè milye djòb nan manifakti, jeni, ansanm avèk lòt sektè enèji pwòp. REV ap asire ke Eta New York redwi emisyon gaz greenhouse nan tout eta pa 40% nan 2030 epi reyalize sib ke yo vize entènasyonalman pou redwi emisyon 80% nan 2050. Pou aprann plis sou REV, enkli investisman \$5 milya deal Gouvènè a nan teknoloji enèji pwòp ak inovasyon, vizite [www.ny.gov/REV4NY](http://www.ny.gov/REV4NY) epi swiv nou [@REV4NY](https://twitter.com/REV4NY).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418